

Fanm ak VIH

Chak ane, gen milye fanm ki enfekte ak VIH. Aprann reyalyte yo. Anseye fanm yo ki nan fanmi ou ak kominote a ki jan yo ka anpeche ak trete VIH.

Kisa VIH ye?

VIH se viris ki bay SIDA. Yon moun ki VIH pozitif li rele VIH pozitif (VIH+).

VIH rann li difisil pou kò ou konbat maladi.

Kòman mwen ka pran VIH?

VIH gaye nan likid kò tankou san, espèm oswa dechaj, oswa lèt tete.

Ou ka pran VIH lè ou:

- Fè sèks ak yon moun ki VIH+ epi yo pa sèvi ak yon kapòt
- Pataje zegwi oswa sereng (pou pran dwòg) ak yon moun ki gen VIH
- Pran san nan yon moun ki gen VIH. Kounye a, tout moun ki bay san dwe teste pou VIH. Ou pa ka pran VIH nan bay san.

Pifò fanm pran VIH nan fè sèks san pwoteksyon ak gason. Toujou itilize yon kapòt chak fwa wap fè sèks.

Ou pa ka pran VIH nan bay lanmen, bo, oswa pataje bagay nan kay la tankou fouchèt oswa gode ak yon moun ki gen VIH.

Kòman ou ka fè konnen si yon moun gen VIH?

Sèl fason pou ou konnen se fè yon tès VIH.

- Ou pa ka di kiyès moun ki gen VIH lè ou sèlman gade moun nan. Pifò moun pa moutre okenn siy deyò lè yo fèk pran VIH.
- Yon moun ka pwopaje VIH menm si li pa sanble l malad.

Kòman ou ka fè tès pou VIH?

Genyen twa (3) kalite tès debaz VIH:

San – Yo pran yon ti tak san nan dwèt ou oswa nan bra w.

Oral – Yo pran likid ki soti anndan bouch ou.

Pipi – Yo itilize yon ti tas pipi.

Gen kèk tès VIH ki pran 1-2 semèn pou jwenn rezilta ki sòti nan yon laboratwa. Lòt tès yo rele “tès VIH rapid” ki ka bay rezilta a nan apeprè 20 minit.

Ou ka fè tès la nan etablisman tankou biwo yon doktè, van sante mobil, oswa Ekspozisyon Lasante. Genyen osi yon tès VIH pou lakay ou ka fè l pou pwòp tèt ou.

Pou jwenn yon sant ki fè tès tou pre w:

- Rele 1-800-232-4636
- Tèks zip kòd ou nan KNOWIT (566948)

Fanm ak VIH

Kisa ki “window Period” la?

Li ka pran kèk semen oswa kèk mwa pou VIH parèt nan yon tès. Tan sa a rele “window period”.

- Yon moun ki fèk enfekte ak VIH gen dwa pa parèt pozitif nan tès la menm lè yo deja gen viris la.
- Yon moun gen dwa bay yon lòt viris la nan moman ‘window period’.

Eske gen gerizon pou VIH?

Pa gen gerizon pou VIH. Gen medikaman moun ki gen VIH ka pran pou ede viris la sispann grandi nan nan kò yo.

- Moun ki gen VIH bezwen pran 3 oswa plis medikaman chak jou.
- Apre yon bon tan, ou ka vin malad anpil si ou pa pran medikaman VIH ou yo.
- Moun ki gen VIH pa dwe sispann pran medikaman yo san yo pa pale ak yon doktè yo avan.

FDA osi apwouve yon medikaman kèk moun ka pran pou diminye chans pou yo pran VIH.

Kisa fanm ansent dwe konnen sou VIH?

Yon fanm ka pase VIH bay tibebe li pandan gwosès, lè l gen tranche oswa nan akouchman. Yon fanm ka pase VIH bay tibebe li tou pandan lap bay tete,

- Fanm ki gen VIH dwe pale ak doktè li anvan yo vin ansent.
- Fanm ki gen VIH ka pran medikaman ki ka diminye chans pou li bay tibebe a VIH.
- Gen kèk medikaman VIH ke ou pa dwe pran pandan gwosès paske yo ka lakòz domaj nesans.

Pou ka jwenn yon ti liv gratis sou medikaman VIH ak lòt materyèl sante, ale nan:

www.fda.gov/womens

Pou apran sou diferan kalite medikaman VIH ak tès, ale nan:

www.fda.gov/oashi/aids/hiv.html

Pou Aprann Plis:

U.S. Federal Government HIV/AIDS Website
AIDS.gov

AIDSinfo
www.aidsinfo.nih.gov

CDC National AIDS Hotline
1-800-342-2437